# ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ КОНСТИТУЦИЯСЫ ҚАБЫЛ ЕТИЛГЕНИНЕ 28 ЖЫЛ ТОЛДЫ

Мәмлекетимиз Бас Нызамында жәмийет ҳәм мәмлекет, мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў органлары дүзилис ҳәмде искерлигиниң тийкарғы принциплери, олардың ўәкилликлери, пуқаралардың тийкарғы ҳуқық ҳәм ўазыйпалары, жәмийет ҳәм шахс ортасындағы мүнәсибетлери белгилеп берилген. Әмелдеги бәрше нызамлар ҳәм басқа ҳүжжетлер Конституция негизинде ҳәм оған муўапық тәризде қабыл етиледи.

Image not found or type unknown

1992-жыл 8-декабрьде XII шақырық Өзбекстан Республикасы Олий Кенгашиниң XI сессиясында қабыл етилген Контитуциямыз мәмлекетимизде ҳуқықый-демократиялық мәмлекет қурыў ҳәм еркин пуқаралық жәмийетин қәлиплестириўде ҳуқықый негиз болып хызмет етпекте. Өзбекстан Республикасы Конституциясы 6 бөлим, 26 бап, 128 статьядан ибарат болып, онда мәмлекетимиздиң ҳуқықый, демократиялық тәрептен раўажланыўының тийкарғы принциплери белгиленген.

Image not found or type unknown

Быйыл Конституциямыздың қабыл етилгенине 28 жыл толмақта. Сәне мүнәсибети менен Қанлыкөл районы Мәденият орайында салтанатлы илаж болып өтти. Оған район ҳәкими А.Ибрагимов, ҳәким орынбасарлары, ҳуқық қорғаў уйымлары хызметкерлери, мәкеме, кәрхана ҳәм шөлкем ўәкиллери қатнасты.

Image not found or type unknown

Илаж Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларының мәмлекетлик гимнлери менен басланды. Соң, район ҳәкими А.Ибрагимов кирис сөз бенен илажды ашық деп жәриялады ҳәмде бәршени Конституциямыз қабыл етилгенлигиниң 28 жыллығы менен қызғын қутлықлады. Сондай-ақ, районлық Әдиллик бөлими баслығы Т.Асанов Конституцияның мәмлекет турмысында тутатуғын орны ҳаққында кең тәризде түсиник берип өтти. Буннан соң, районлық Жаслар ислери агентлиги баслығы Р.Қәлимбетов Конституция ҳәр бир пуқараның мәпин қорғайтуғын, әсиресе, жаслар турмысында әҳмийети айрықша мәмлекетимиздеги баслы ҳүжжет екенлигин мысаллар менен келтирди.

Илаж даўамында, районлық Мәденият бөлиминиң көркем өнер ғайраткерлери тәрепинен таярланған концерт бағдарламасы жыйналғанлардың нәзерине усынылды.

***Қанлыкөл районы ҳәкимлиги Мәлимлеме хызмети***